



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 5.8 MILYON DOLA SIBVANSYON POU PWOTEJE LEKÒL, GADRI, AK MIZE KILTIRÈL KI PA GEN BI FÈ PWOFI YO SOU BROOKLYN KONT KRIM LAHÈN

Yo akòde yon premye gwoup sibvansyon bay sant akademik ak kominotè sou Brooklyn

Sa fè pati Pwogram Sibvansyon 25 milyon dola Gouvènè Cuomo a pou Sekirize Kominote yo Kont Krim Lahèn

Gen yon lis sibvansyon yo ki disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo bay plis pase 5.8 milyon dola nan kad Pwogram Sibvansyon pou Sekirize Kominote yo Kont Krim Lahèn (Securing Communities Against Hate Crimes Grant Program) ki koute eta a 25 milyon dola pou ede ranfòse mezi sekirite nan lekòl, gadri ak mize kiltirèl ki pa gen bi fè pwofi yo nan Brooklyn. Efò sa yo pral ede anpeche krim oswa atak lahèn kont etablisman sa yo poutèt ideyoloji yo, kwayans yo oswa misyon yo. Premye etap finansman sa a ap pote 5,824,607 dola pou 118 pwojè nan etablisman toupatou nan Brooklyn.

“Finansman sa a esansyèl nan efò nou yo pou amelyore sekirite epi pwoteje lekòl, gadri ak mize kiltirèl ki pa gen bi fè pwofi yo ki riske viktim krim lahèn”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou kore kilti ak sant kominotè divès nou jwenn toupatou nan bèl eta sa a, nou bay egzanp pou nasyon an epi an menm tan tabli yon New York pi fò, pi an sekirite pou tout moun.”

“Kòm menas krim lahèn yo kontinye ap anvayi nou, pi bon sekirite nan lekòl ak lòt sant nou yo ki divès kiltirèlman se yon bagay ki esansyèl pou garanti pwoteksyon ak sekirite yo”, **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare, nan seremoni jodi a.** “Finansman sa a nan kad pwogram New York la pou pwoteje kominote yo kont krim lahèn pral soutni amelyorasyon pou etablisman yo toupatou sou Brooklyn. Nou pran angajman ofri resous avanse pou lite kont menas nan men gwoup lahèn epi kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite.”

Sibvansyon an, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans la (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a ap jere a, bay jiska 50,000 dola finansman pou bezwen fòmasyon anplis nan sekirite yo, kamera ak teknoloji depwent,

ranfòsman pòt yo, amelyorasyon ekleraj ak lòt modènizasyon ki gen pou wè avèk sekirite nan chak etablisman ki kalifye. Oganizasyon yo k ap administre plis pase yon etablisman te kalifye pou soumèt jiska twa demand sibvansyon pou yon demand total rive jiska 150,000 dola.

[Pwogram](#) Sibvansyon pou Sekirize Kominote yo Kont Krim Lahèn yo te anonse nan dwa Doktòb 2017 la, kore efò global Gouvènè Cuomo te lanse a pou lite kont krim lahèn yo nan New York. [Bidjè](#) Eta pou Ane Fiskal 2017-18 la te tabli Inite Operasyonèl Kont Krim Lahèn lan (Hate Crimes Task Force) toupatou atravè eta a pou prevni ensidan menas, asèlman, ak vyolan ki baze sou patipri yo nan New York. Inite Operasyonèl la travay ak lidè konte yo, pwokirè distrik yo, lidè distrik eskolè yo, depatman lapolis lokal yo ak lòt pati konsène enpòtan yo pou idantifye ak envestige krim lahèn motive yo ak tandans ki gen rapò ak prejije, mank defans kominote yo ak diskriminasyon.

Anplis de sa, Gouvènè a te tabli yon liy asistans ak yon liy mesajri pa tèks nan Divizyon Dwa Zimen an (Division of Human Rights, DHR) pou moun ka fè rapò sou ensidan prejije ak diskriminasyon. Lapolis Eta a, ki okipe tout zafè kriminèl potansyèl, resevwa rekòmandasyon nan men ni liy asistans la ni liy mesajri pa tèks la Divizyon Dwa Zimen an ap kontwole. Divizyon an ka mennen plis envestigasyon sou ka diskriminasyon ki nan kad Lwa sou Dwa Imen Eta New York la (New York State Human Rights Law). Gen yon prim 5,000 dola ki disponib pou tout enfòmasyon ki mennen arestasyon ak kondanasyon pou yon krim lahèn.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Roger L. Parrino, Sr., te di, “Sibvansyon sa yo pral pèmèt lekòl, gadri ak mize kiltirèl ki pa piblik yo ogmante mezi sekirite yo kont moun oswa gwoup ki gen prejije vyolan. Mwen bat bravo pou Gouvènè a dèske li mete fon sa yo disponib pou ede òganizasyon yo mete sou pye pwojè ki gen ladan yo ranfòsman etablisman eksteryè yo, amelyorasyon sekirite fizik ak fòmasyon nan sekirite”.

Senatè Martin J. Golden te di, “Mwen fè elòj Eta a dèske li konsakre 5.8 milyon dola lajan pou sekirite sa a pou gadri, mize ak lekòl ki pa piblik nou yo. Sekirite piblik dwe rete alavangad pandan n ap vanse. Finansman sa a pral kontribye anpil nan bay Nouyòkè yo lapè nan tèt”.

Konseye Kalman Yeger te deklare, “Finansman sa a esansyèl nan efò nou yo pou soutni yon kominote Brooklyn ki pi an sekirite, pi fò pou rezidan nou yo. Mwen bat bravo pou efò Gouvènè Cuomo fè yo pou garanti sant kominotè yo ak lekòl yo gen mezi sekirite apwopriye anplas pou dekouraje prejije ak lahèn. New York se yon limyè opòtinite ak lespwa pou gason ak fi tout laj ak tout orijin, epi gras a lidèchip Gouvènè a, kominote divès nou yo pral rete pwoteje pou anpil jenerasyon”.

Nou ankouraje tout Nouyòkè ki fè eksperyans patipri oubyen diskriminasyon yo rele nan liy asistans gratis DHR an nan (888) 392-3644 soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. Lendi-Vandredi oswa tèks “HATE” (LAHÈN) nan 81336. Si w vle repòte yon krim oubyen krent pou sekirite w, rele 911 imedyatman.

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò n ap fè pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi

rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook](#) la, swiv [@NYSDHSES](#) sou Twitter ak Instagram, oswa ale sou [dhSES.ny.gov](https://www.dhSES.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)